



Kèk konsèy

Pou'w ka benefisyè tout sa medikaman yo ka pote pou ou, men kèk konsèy:

- **Respekte endikasyon** pou pran medikaman'w, kidonk dòz, frekans ak moman nan jounen an ou dwe pran yo. Si ou bliye pran medikaman'w souvan, mande ekip swen'w kèk konsèy pratik.
- **Tcheke glisemi'w** selon endikasyon ekip swen'w.
- Si'w gen **konplikasyon**, konsilte doktè'w oswa famasyon'w pou'w konn kisa pou'w fè.
- Toujou kenbe yon **lis medikaman'w ki ajou**.

Pou nenpòt kesyon sou medikasyon'w, pa ezite konsilte famasyon'w oswa doktè'w.

Resous

Ordre des pharmaciens du Québec
opq.org

Ou gen kesyon sou dyabèt?

Service InfoDiabète
514 259-3422
1 800 361-3504
infodiabete@diabete.qc.ca

L'école du diabète

Universi D

universi-d.com

Diabète  Québec
diabete.qc.ca

Diabète  Québec

Medikaman pou trètman dyabèt



Medikaman pou trètman dyabèt

Doktè ka preskri'w medikaman pou dyabèt si adopsyon bon abitud sante poukont li pa rive kenbe nivo glisemi'w (kantite sik nan san'w) nan barèm sante yo. Sa ka rive doktè'w preskri'w medikaman depi nan kòmansman si nivo glisemi'w twò wo nan moman dyagnostik la.

Medikaman kont dyabèt yo rele **anti ipèglisemyan, yo redwi nivo sik ki twò wo nan san'w**. Yo ka ba ou l sou fòm grenn oswa piki.

Fòk ou note enpòtans nan pran **medikaman yo ansanm ak yon plan alimantè ak aktivite fizik**.

Tout aspè sa yo jwe yon wòl enpòtan nan jere nivo glisemi'w.

Gade **fonksyon chak medikaman ak enpak yo** genyen sou kò'w. Gade imaj sa a.



Jesyon dyabèt ou nan men'w.


Sa enpòtan pou'w pran medikasman'w selon preskripsyon doktè'w epi diskite avèk famasyon'w oswa doktè'w sou tout ajisteman ki posib.

Mwayen Aksyon nan Klas Medikaman anti ipèglisemyan

Bigwanid

Metformin (Glucophage^{MD}, Glumetza^{MD})


- Diminye kantite sik fwa a pwodwi;
- Ede selil kò a itilize sik la pi efikasman.



Inibitè alfa glikozidaz

Akarboz (Glucobay^{MD})

- Ralanti vitès dijeyon kèk glisid (sik) nan trip yo.




Sekretagòg ensilin

Medikaman ki fè'w riske ipoglisemi

Gliklazid (Diamicon^{MD})
Gliklazid (Diamicon^{MD} MR)
Glimepirid (Amaryl^{MD})
Glibirid (DiaBeta^{MD})
Repaglinid (GlucoNorm^{MD})


- Ogmante pwodiksyon ensilin nan pankreyas la.



TZD

Pyoglitazòn (Actos^{MD})
Woziglitazòn (Avandia^{MD})


- Ede selil kò a itilize sik la pi efikasman.



Inibitè SGLT2

Kanagliflozin (Invokana^{MD})
Enpagliflozin (Jardiance^{MD})
Dapagliflozin (Forxiga^{MD})

- Favorize eliminasyon sik nan pipi.



Inibitè DPP-4

Linagliptin (Trajenta^{MD}), Saksagliptin (Onglyza^{MD}), Sitagliptin (Januvia^{MD}), Alogliptin (Nesina^{MD})

- Ogmante efè kèk òmòn ki nan intestin'w (enkretin) ki aji lè glisemi a ogmante lè ou fin manje: yo ogmante pwodiksyon ensilin epi diminye pwodiksyon glikagon nan pankreyas la. Glikagon se yon sibstans nan kò ou ki ede ogmante sik nan san an.

Agonist GLP-1

Medikaman enjektab

Liraglitid (Victoza^{MD})
Egzenatid (Byetta^{MD})
Egzenatid ki libere dousman (Bydureon^{MD})
Dilaglitid (Trulicity^{MD})
Semaglotid (Ozempic^{MD})

Medikaman oral

Semaglitid (Rybelsus^{MD})

- Ralanti vitès dijeyon vant ou;
- Diminye apeti;
- Imite kèk òmòn ki nan intestin'w (enkretin) ki aji lè glisemi a ogmante lè ou fin manje: yo ogmante pwodiksyon ensilin epi diminye pwodiksyon glikagon nan pankreyas la.

